

DEZYÈM VINI SEYÈ A



Papa nou ki nan Syèl la, pandan nou vin jwenn Ou aswè a, nan bèl Non Seyè Jezi a, nou tèlman kontan pandan n ap apwoche jou sen sa yo, paske nou konnen ke sa reprezante pi gran moman sou tè a. Se lè Sakrifis ki te sifi nèt sa te fèt, pou pòv pechè ki pèdi yo te ka libere epi gen gwo lespwa sa ke nou genyen anndan nou aswè a, ke yon jou Li va vini ankò. Epi aswè a, pandan nou t ap apwoche chè sa, nou t ap pase nan pòt la, epi nou te tandè vye chante sa a: “Nou pral gen yon gran semèn retou lakay, premye dimil an yo,” sa fè nou sonje anpil ane de sa lè nou te rankontre isi a nan tabènak la anvan gran revèy mondyal la te kòmanse. Epi, Papa Bondye, nou jis cheri panse sa yo.

² E sa sanble l bon nan nanm nou ke nou retounen ankò aswè a pou kòmanse yon lòt nan revèy ansyen mòd sa yo kote pechè yo ap reklame mizerikòd, epi kote retwograd la mete bagay yo annòd avèk Bondye ankò. E Sentespri a se Moun prensipal la nan reyinyon an, Ki pran kontwòl epi dirije, epi pote pou nou Pen Lavi a atravè Pawòl la. E nou priye ke Li va ajì an favè nou sware apre sware nan revèy sa, geri malad yo ak sa yo ki nan bezwen, sanktifye chak kwayan, epi tire glwa nan efò sa yo ke nou fè yo. Paske, Papa Bondye, se sèlman pou onè ak glwa Non Li ke nou mande l. Amèn.

³ Sa se pou akonpli yon pwomès ke m te fè onzan de sa. Sa fè lontan m ap vire tounen sou li, men pou retounen nan tabènak la pou yon revèy. E, kounye a, nou konnen ke ti tabènak nou an pa gen ase plas pou yon revèy, men nou pral jis antase isi a, e pi fè pi byen ke nou kapab, pou kèk pwochen sware yo, pou glwa Bondye.

⁴ E mwen renmen fè reyinyon nan legliz la. Nan plizyè kote, nou fè yo nan estad, epi deyò an plennè, epi nan arèn yo, men gen yon bagay diferan lè nou genyen l nan legliz la. Sanble ke gen yon kominyon ki pi dous, ki pi entim lè nou nan legliz la. Nan arèn sa yo, kote monden sa yo, nou rekonesan pou privilèj nou genyen pou nou la a, men li sanble tankou gen yon opresyon, tankou yon pwisans demonyak, ke ou dwe kraze anvan revèy la janm kòmanse. Epi lè w antre nan legliz la, se yon plas kote Bondye abite, se vini lakay Li pou fè yon reyinyon.

⁵ E kounye a nou kontan aswè a pou wè anpil nan ansyen figi ke m te wè sa gen plizyè ane nan fen ministè m isi a nan tabènak la. Mwen wè Frè Graham anndan an, ak Frè Curtis, ak Sè Angie, ak Sè Gertie isi a, ak Frè Cox ak Sè Cox, epi, o la la, anpil nan nou, Sè Spencer ak Frè Spencer, epi nou tout ki isi a. Nou tèlman kontan. Manman, ak Madam Slaughter, ak frè a isit la, jis yon gwo gwoup nan nou, toujou. Konbyen moun ki isi a depi lè nou

te kòmanse, mwen vle di lè m te kite revèy la pou m ale yon lòt kote? Kite nou wè men nou. Toupatou nan legliz la aswè a, jis gade men yo. Sa vrèman bèl.

⁶ Kounye a nou se...konnen ke revèy yo sèlman vini pa Sentespri a. Li se Sila Ki pote revèy la. E nou pa ka fè l nou menm, nou ka sèlman fè efò sa; e Bondye dwe beni efò sa, e nou gen konfyans ke L ap fè l.

⁷ Mwen t ap di madanm mwen sou wout la...Mwen pa t janm menm gen chans pou m pran soupe m aswè a. Te gen twòp bagay pou fè. Li te de zè yè apremidi anvan menm mwen te mete chemiz mwen, depi lè m te leve yè maten. Se sa pati telefòn nan ye. E se jis a dezè menm lè m te gen yon ijans pou Doktè Sam Adair nan Louisville. E lè...E apre sa tèlman anpil lòt apèl, epi veteran yo. Youn nan yo te soti nan lopital la, ki te di: “Ebyen, nou gen lontan n ap tann, epi si lanfè a pi mal lè nou rive la pase mizè sa a nou te andire a, ap tann lan.” Epi gen tou senpleman rèl ak apèl k ap soti toupatou, bò kote plizyè santèn minis.

⁸ E, m ap di nou, n ap viv nan youn nan pi gran jou ke mond sa te janm konnen, youn nan pi gran epòk yo. E m tèlman kontan wè yon swaf nan kè moun yo pou gen Bondye pi plis.

⁹ Kounye a mwen pran sa sou kè m, m ap priye pou l nan volonte Bondye. Epi, an pasan, gen kèk moun ki kanpe deyè a la. M ap mande m...Nou gen yon—yon chèz isi a, yon ti ban, mwen mande m si yon fason nou pa ta ka ranje ti ban sa. Kèk nan dam yo...oswa yon bagay, ki kanpe deyè a la, ke nou te ka petèt...La a, m ap mande m si gen kèk nan moun ki la yo oswa lòt moun, pa ka jis mache vin chita sou ban sa isi a, devan an la. Petèt...Frè Ben, nou kontan wè w isi a, dènye fwa m te wè w mwen te nan San Fernando Valley, Kalifòni, sa fè kèk semèn. E men gen plas anwo isi a si nou vle vini, nou—nou menm moun deyè yo ki kanpe. E kounye a si nou vle avanse, enben, vini dirèkteman isit la devan an. Gen yon lòt plas ankò sou estrad la isi a, ak kèk lòt ankò bò isit la, epi y ap pran yo sou lotèl la. Nou ta renmen ke w jis santi w alèz otan ke posib.

¹⁰ E m te di madanm mwen ke m te pwomèt tèt mwen ke avèk èd Bondye, mwen pa gen entansyon pou fè sèvis yo long, m vle pale pandan trant minit, si Seyè a vle. E sa pral yon mirak nan limenm, paske mwen—mwen jis pa ka kòmanse twò vit. Epi, men mwen—mwen jis dwe eseye, e poutèt...Epi alò pwochen fwa nou pral, sa a, demen swa... .

Aswè a, sijè mwen an se: *Dezyèm Vini Seyè A*.

¹¹ E demen swa se sware kominyon, e mwen vle pale de *Kominyon* apati de pwennvi Ansyen Testaman an. E n ap... Demen swa se sware kominyon ofisyèl la, paske se nwit ke yo te trayi Seyè nou an. E se sware kominyon ofisyèl la. E apre sèvis yo demen swa, sèvis predikasyon regilye a, apre sa nou va gen kominyon. Epi tout moun envite pou vin avèk nou epi—epi

patisipe nan òdonans glorye sa ke Seyè Jezi nou an te kite pou nou.

¹² Epi pwochen jou swa a, si Seyè a vle, kòm etan sware krisifiksyon an, mwen swete pou—pou pran, nan yon pwennvi diferan petèt de sa nou pral tande nan radyo a, *Krisifiksyon An*.

Epi nan samdi swa, *Antèman An*.

¹³ Dimanch maten a sizè, yon sèvis solèy leve. A dizè, yon sèvis batèm, e si gen moun pou batize. Epi yon mesaj maten Pak la.

¹⁴ E dimanch swa, si Seyè a vle, n ap tann yon mesaj kout sou *Prèv Rezirèksyon An*, ak yon sèvis gerizon. Yon sèvis gerizon òdinè tankou sa nou fè nan reyinyon yo nan reyinyon regilye yo—yo, nan dimanch swa sa k ap vini an. E si nou pa t janm wè l, e zanmi nou yo pa t janm wè prèv vizib Jezi resisite a, mwen espere ke Li va fè jan L te fè l nan ane ki sot pase yo nan reyinyon yo, parèt drèt isi a epi fè menm bagay ke Li te fè lè L te isi a sou tè a. E n ap tann tan sa a ak enpasyans, vini an. . . k ap vini an.

¹⁵ Se vre, avanse drèt epi fè tèt ou jis alèz otan ke posib. E m ap mande m si petèt demen swa nou ta kapab pran kèk chèz yon kote. Petèt laba nan salon fineray la—la oubyen yon lòt kote nou te ka jwenn kèk chèz anplis, pou mete petèt toutotou sou kote yo. Nou vle tout moun santi yo alèz otan ke posib.

¹⁶ Konbyen ki renmen Seyè a ak tout sa ki anndan ou? Kounye a annou jis tounen afeksyon nou nan direksyon Kris epi koute byen kounye a. Nou pa isit la pou doktrin, nou isit la pou adore Seyè a. E nou isi a jis pou envite tout moun nan tout kredo, koulè, orijin, sa jis pa enpòtan isi a, nou jis ap antre pou adore Seyè a, e pral gen yon demi èdtan chante ansyen mòd epi—epi anvan sèvis yo kòmanse. Epi, bon, demen swa mwen pral eseye kòmanse jis tankou aswè a, egzakteman, si sa posib, a uitè, epi lage jis osi vit ke nou kapab pou nou ka retounen demen swa.

¹⁷ E, kounye a, tout moun byenvini. E, vizitè nou yo, nou plis ke byenvini pou vin fratènize e osito ke sèvis la fini, nou menm moun legliz la isi a ki vin isi a, asire nou pou nou bay tout moun lanmen otan ke nou kapab. Jis se pou n . . . Jis kite baryè yo tonbe kounye a, epi jis pase yon moman mèveye. E nou pa konnen kisa Seyè nou an ta ka fè, sa se yon moman Pak e nou jis ap tann gwo bagay.

¹⁸ Kounye a, nan Pawòl beni an, mwen swete li jis yon—yon vèsè, oswa yon liy oswa de, nan Levanjil Sen Lik la, ak chapit 15 lan, vèsè 8 la:

Osinon ankò, sipoze yon fanm ki gen dis pyès lajan. Si li va pèdi yonn ladan yo, èske li pa limen lanp, bale tout kay la, chache nan tout ti kwen jiskaskè li jwenn li?

Lè l jwenn li, l ap rele zanmi l ak vwazen li yo, l ap di yo: vin fè fèt avè m; mwen jwenn pyès lajan m ki te pèdi a.

¹⁹ Kounye a, sa ka sanble tankou yon Ekriti trè etranj pou Dezyèm Vini Kris la, epi . . . men l ap pale de Dezyèm Vini Kris la. E gwo sijè sa ke nou genyen isi a devan nou kounye a se youn nan sijè ki pi enpòtan nan tout Lekriti Sen an. Pa gen anyen ki pi enpòtan ke Vini Seyè Jezi a. Paske si L pa vini, nou pral sèvi kòm fo temwen, moun mouri nou yo ki nan tonm yo pral peri, e pa gen okenn espwa ki rete pou nou si Jezi pa vini vizibman dezyèm fwa a. E nan menm . . . limyè sa, nan limyè menm Dezyèm Vini an, sa te tèlman enpòtan, ke semèn sen sa ke n ap apwoche kounye a, ke Jezi, lè Li t ap apwoche l premye fwa nan lonbraj Kwa a menm, Li te pale on tikras toupiti de lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li. Li te pale plis sou Dezyèm Vini Li ke Li te pale sou lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li. Kidonk nan konsidere sa, sa dwe yon sijè trè enpòtan.

²⁰ Nan Ansyen Testaman an, gen anpil fwa pi plis Ekriti nan Ansyen Testaman an ki konsène Dezyèm Vini Kris la pase sa ki te genyen pou premye Vini Kris la. Tout bagay pou ras imen an, kounye a apre ekspiyasyon an fin fèt, repoze solanèlman sou Dezyèm Vini Seyè a.

²¹ Kounye a, nou gen diferan relijyon, e nou gen diferan motivasyon ak diferan teyoloji, men relijyon Kreyen nou an baze solanèlman sou lanmò, lantèman, ak rezirèksyon, ak Dezyèm Vini Seyè a. O, se yon kesyon enpòtan. E pandan n ap apwoche kounye a, mwen panse trè sensèman, n ap viv nan lonbraj menm Dezyèm Vini L la. La a, nan fason pa m pou m wè l pa limyè Lekriti a, pa gen yon sèl espwa ki rete pou Legliz la andeyò Dezyèm Vini Seyè a. Mond lan nan kondisyon pandemoniyak sovaj li a vin konplètman pèdi kontwòl, nan chak òganizasyon ke lòm fè nan mond lan. Wa yo pa ka gen kontwòl sou sijè yo ankò, ni diktatè yo pa ka gen kontwòl sou sijè yo ankò, demokrasi pa ka gen kontwòl sou sijè li yo ankò, e pa gen okenn espwa ki rete ke Dezyèm Vini Seyè Jezi a.

²² E kounye a se youn nan tan ki pi terib pou enkwayan an ak pechè a, ke li te janm viv, paske tan kondanasyon a toupre. E se tan ki pi beni pou kwayan an, paske redanmsyon li toupre. Gen de gwoup sou tè a aswè a, kwayan an ak enkwayan an. Sila Seyè a ap vin resevwa a, e sila Seyè a ap vini pou kondane a. Nan Vini Li, L ap beni youn epi L ap modi lòt la, nan aparisyon Li.

²³ E kòm sa se yon bagay tèlman enpòtan, mwen panse jis anvan . . . lavèy, pito, ti revèy nou an, ke nou ta dwe gade solanèlman, epi nan Lèzekriti, epi wè kòman nou pwòch. Si m te vle konnen ki lè li ye, mwen t ap gade mont mwen an. Si m te vle konnen nan ki jou nan semèn lan n ap viv, oswa mwa nan ane a, mwen t ap gade kalandriye a. E si m vle konnen tan k ap apwoche a pou gran evènman sa, mwen gade Pawòl Bondye a, Li di tan an lè li pwòch. Paske Bib la di: “Lè bagay sa yo kòmanse rive, leve tèt ou, redanmsyon w ap apwoche.” Tan an toupre.

24 Se te tèlman yon gwo bagay pou Jan, revelatè a, sou zile Patmòs la, ke lè li te wè apèsi Vini Seyè a. Lè l te wè malediksyon ki te repoze sou enkwayan an, ak benediksyon ki te repoze sou kwayan an, li te kriye byen fò: “Menm si sa, vini non, Seyè Jezi!” Sa te sitèlman fè kè l eksite nan kontantman apre tout sa l te wè, evènman yo anvan Vini Li, li te kriye byen fò: “Menm si sa, vini non, Seyè Jezi!” Epi lè tout aj legliz la te fin pase devan je li, epi li te wè tout bagay an gwo, fason sa ta pral rive, alò li te kriye: “Vini non, Seyè Jezi!” Sa dwe yon bagay gloriye ke Vini Seyè a ap apwoche.

25 Jezi, lè disip Li yo te rive nan yon pwen ke yo t ap konsidere bagay lachè oswa natirèl sou tè a. Bon, isi a nou vle rete jis kèk minit. Li pa oblije se toujou bagay chanèl yo k ap rale nou lwen, pafwa se jis bagay natirèl yo k ap rale nou lwen. Sèvitè Jezi yo, oswa disip Li yo, t ap montre L tanp vil la, Jerizalèm, gran tanp kote Bondye nan Laglwa Chekina Li te parèt nan Kote trè Sen an. E lè yo te di L kijan wòch yo te byen plase, kijan gran jeni Bondye a te òdone ke wòch sa yo t ap koupe nan divès kote atravè mond lan epi answit rasanble ansanm. Epi pandan karantan konstrisyon li an, pa t menm gen yon bri yon si oswa son yon mato. Li te sitèlman rasanble yon fason mayifik. E kijan Bondye te vini sou Cheriben yo e sa te montre Glwa Chekina Li a, e kijan yo te gen gwo espwa nan gran legliz sa.

26 E Jezi te di yo: “Pa gade tout bagay sa yo.” Poutan se te yon kote ki sen, se te yon bon kote. Se te yon plas, kay kote Seyè a rete. Men Jezi di: “Pa gade bagay sa yo. Mwen gen yon bagay pou M di nou ki pi gran anpil ke sa. Paske lè a ap rive la,” Li di, “ke p ap gen yon sèl wòch ki rete sou yon lòt.”

27 Kèlkeswa jan nou eseye byen pran swen èt fizik nou, kèlkeswa jan nou travay di pou òganizasyon nou an, jan nou travay di nan legliz la pou lòd nou—nou yo nan legliz la, gen yon tan k ap vini kote tout bagay sa yo pral disparèt epi pase.

Jezi kòmanse di yo sa, epi yo di: “Ki siy ki pral fè nou konnen lafendimonn nan rive?”

28 Epi Jezi te kòmanse pale avèk yo: “Lè a va rive kote p ap rete yon wòch sou yon lòt. Nou va tande pale de lagè ak rimè lagè, lapès, tranblemanntè nan divès kote.”

29 Epi lòt jou a, laba nan Kalifòni, la nan Oakland, lè nou te gen privilèj pou nou la nan yon reyinyon, e se te premye fwa ke madanm mwen te fè eksperyans yon tranblemanntè. Mwen te chita nan salon kwafè a, e mwen . . . sal la te jis tranble yon tikras. Epi radyo a te anonse byen vit: “Te gen yon tranblemanntè.” Li di: “Y ap tann yon lòt nan apeprè uit minit.”

E m te panse: “O, e si sa se dènye a!”

30 M te prese soti nan salon kwafè a, m te rankontre madanm mwen ki t ap tann nan lari a, nou te mache antre nan yon ti famasi pou achte kèk ti kat postal pou voye bay byenneme nou

yo. E pandan nou te la, youn nan santiman ki pi misterye, dwòl ke lòm te ka janm santi, tout tè a kòmanse tranble. Boutèy yo kòmanse tonbe sot sou etajè a, chemine yo kòmanse tonbe soti nan bilding lan, epi nan lari yo, ki te anvayi, moun yo t ap rele epi kriye pandan platre yo t ap tonbe sot sou miray yo. Epi gwo bilding yo ak trant ak karant etaj, te sekwe ansanm jouk lafimen oswa pousyè te soti nan mòtye a monte tankou yon gwo chanpiyon. Epi moun yo te kòmanse rele epi kouri. Mwen di: “Sa se dwèt Bondye Toupwisan an, k ap deklare: ‘Ekriti ak men an sou miray la.’”

³¹ Jezi te di: “Lè nou va tande pale de tranblemanntè nan divès kote.” Tè a te fann louvri sou otowout la sou yon long distans, apeprè senk pye, epi li te desann byen fon plizyè santèn pye anba tè a. Gen yon kote, se tout otowout la ki te efondre. E mwen te panse pandan sa a te fann, mwen te ka jis prèske wè dwèt Bondye Toupwisan an, k ap di: “E va gen tranblemanntè nan divès kote.”

³² Pandan jounen an t ap pase, uit tranblemanntè diferan te sekwe vil sa. Epi ba byè yo te rete louvri, epi tafyatè yo te anvayi lari yo. Epi fanm yo te mache nan lari yo, mwatye abiye, ak tout bagay kòm si anyen pat janm rive. Moun yo tèlman atache ak latè jodi a jouk mwen pa konnen kisa sa pral pran pou sekwe peyi sa. Yo jis sanble pa bay sa enpòtans. Yo pa remake anyen. Epi yon nonm te menm fè yon remak, antan m te tande l ak pwòp je pa m, li di: “Èske nou te wè sa m te fè a? Mwen te sekwe pwèn m. Se mwen ki sipèmann lan.”

E m te panse: “Ala yon blasfèm!”

³³ Mwen pa t janm panse si tèlman ak sa kòm blasfèm tankou m te fè isi a menm nan pwòp vil nou an, pandan m t ap soti sou otowout la yè swa pou m al Georgetown, pandan w ap travèse seksyon yo isi a jis anvan ou rive sou nouvo otowout k ap vini an. Te gen yon gwo pankat ki kole la, e li di: “Li resisite, li gen Lavi.” Epi pankat lan menm ki vin apre a, toude sa yo poukont yo, te di: “Kote ki gen byè Budweiser, gen lavi.”

³⁴ M te panse: “Ala yon blasfèm!” Se tout sa ki genyen ladan l. E Bib la di ke, “Anvan Dezyèm Vini Kris la, ke lèzòm pral blasfematè, y ap mache nan pwòp move lanvi pa yo, y ap san pitye epi fo akizaté.” Ala yon ilizyon mond lan tonbe konsa!

³⁵ Nan Bombay, Lend, dènyèman lè Billy (ti gason m lan) avè m te la nan yon gwo reyinyon kote dè dizèn de milye Endou te bay Kris lavi yo, gen yon gwo avètisman ki te vini. E mwen vle nou obsève entèlijans lanati. Epi, toudenkou, pou yon rezon enkonni, tout ti zwazo nan vil la te kòmanse pati al nan zòn riral yo. Epi zwazo yo, pa pakèt, te pati al nan zòn riral yo. Epi yo te kòmanse remake tout betay yo ak mouton yo ak bèf yo. Men nan Lend, kloti pa yo pa tankou kloti pa nou yo, yo pa kloti an bwa, yo se gwo kloti an wòch ki bati byen wo. Epi tout betay la kòmanse elwaye de miray yo epi elwaye de bilding yo, epi yo te ale byen

lwen nan mitan chan an epi yo te kòmanse vire an won nan mitan chan an. Epi, toudenkou, yon gwo tranblemanntè te frape epi te sekwe miray yo met atè, pyebwa yo, wòch yo, ak pwojektil yo te vòltije. Epi zwazo yo pa t janm retounen, epi betay la te rete deyò nan chan an, epi lòm te kontinye ap panse ke tout bagay te anfòm. Epi jou apre a, yon lòt tranblemanntè te sekwe, epi plis bilding te vire tonbe epi pwojektil yo te vòltije. Epi nan twazyèm jou a, betat la te retounen bò miray yo epi zwazo yo te retounen nan vil la.

³⁶ O, Sila Ki nouriti ti zwazo madan sara yo, Sila ki te mennen ti kreyati Li yo nan lach la, toujou vivan epi ap reye. E yo sanble yo gen plis entelijans sou Bondye pase lòm, ke Li te kreye dapre imaj Li; alòske, lòm blasfeme. Ti kreyati sou latè yo, Bondye pran swen yo epi yo te fè wout yo al lwen gwo miray yo. Yo t ap mouri, zwazo yo t ap kraze nan fant wòch yo pandan yo t ap pwojte nan tout direksyon.

³⁷ Siy Vini Li an! O, se yon gran jou ke n ap viv ladan l kounye a. Tranblemanntè nan divès kote, lapès, tout bagay sa yo ke Jezi te pale a yo la a. Nan fason m wè li, mwen pa wè anyen ki rete ke Vini Seyè a. Li toupre.

³⁸ Jezi nan . . . nan diskou Li bay pèp Li a tou, Li te di: “Aprann parabòl pye figye a. Kou l vin mou epi l kòmanse pouse fèy, nou di ete a prèt pou rive. E lè nou wè bagay sa yo kòmanse rive, konnen ke tan an pre.”

³⁹ Remake kisa pye figye a te ye. Pye figye a te toujou nasyon Jwif la. Li pa di sèlman “pye figye a,” men “lòt pyebwa yo.” “Lè nou wè pye figye a ak tout lòt pyebwa yo ap pouse boujon yo.” Bon, Li pa pale sèlman de pye figye a, men lòt pyebwa yo.

⁴⁰ Bon, ann jis konsidere lè l ap pouse boujon li yo. Nou te viv nan yon tan trè etranj nan kèk ane ki sot pase yo. Legliz Moun lòt Nasyon yo te gen youn nan pi gran revèy yo ke l te janm genyen depi lè sa a . . . depi nan tan apot yo; o, e legliz Moun lòt Nasyon yo pat gen revèy la lè sa, se te legliz Jwif la ki te gen revèy la. Men legliz Moun lòt Nasyon yo, nan dis oswa douz lane ki sot pase yo, te gen pi gran revèy nan listwa a.

⁴¹ N ap panse a revèy Martin Luther a, wi, mesye, se te gloriye, men se te an Almay sèlman. N ap panse a revèy Wesleyen an ki te an Angletè, li te gaye bò isi a, ak kèk nan Zile Britanik yo, men li pa janm te fè twòp efè. Men nan jou sa a, revèy sa a k ap dewoule a, ak Sinatirèl la, te kouvri absoliman depi yon lanmè rive nan yon lanmè san limit, toupatou nan lemond, a travè gwo radyo ak magazin ak evanjelis ki te soti, san patwonaj limanite, epi te pote yon revèy kote plizyè dizèn milye fwa milye (nanm) te ne nan Wayòm Bondye a.

⁴² Nan pwòp ti ministè frajil mwen an ke Seyè a ban mwen, mwen wè plis pase yon milyon nanm vini nan Wayòm Bondye a. Panse a sa! Lè lòt yo ak gran ministè sa yo, ki simaye nan

radio, e latrèye, rive touche plizyè milyon moun. Gen dife revèy ki boule sou chak kolin nan mond lan, pratikman, depi mwen . . . depi apeprè dizan de sa, depi mwen . . . nou te kòmanse revèy la. Nou nan tan lafen an.

⁴³ Kounye a remake, alò, jis anvan sa, Li te pwofetize isi a, epi Li di: “Moun lòt Nasyon yo pral foule anba pye miray Jerizalèm yo jiskaske dispansasyon Moun lòt Nasyon yo va fini.” Maometan yo te pran kontwòl li. Nou reyalize sa. E m vle nou gade kriz la aswè a, kijan Izmayèl ak Izarak toujou ap goumen youn ak lòt, drèt nan Jerizalèm kote sa te predi yo t ap ye a. E sa fè kèk lane pat gen prèke okenn Jwif ditou nan Jerizalèm.

⁴⁴ Kounye a, Jezi ap pale: “Lè nou wè pye figye a pouse boujon li yo.” Bon, jwif yo gaye toupatou sou latè, yon gwo kantite, plizyè milyon nan Almay ak nan Itali, epi nan Etazini, ak toupatou nan mond lan. E Bondye, jan Li te fè l nan premye jou yo, Li te fè kè Farawon vin di, Li te fè kè Mussolini vin di anvè Jwif yo, e yo te chase Jwif yo soti Itali. Li te fè kè Hitler vin di, e yo te chase yo soti nan Almay. Li te fè kè Stalin vin di, e yo te chase yo soti Larisi.

⁴⁵ E èske nou te remake nan jounal la, ke nou, Etazini, n ap pran pozisyon pou Arab yo? O, frè, ekriti a sou miray la! Bondye di: “Nenpòt moun ki beni Izrayèl va beni, moun ki modi Izrayèl va modi.”

⁴⁶ Bon, mwen gen yon fim lakay la, oswa mwen kwè nou te prete l pou moman sa a, ke syantifik yo te rele: *Twa Minit Anvan Minwi*. Si monn syantifik la di “revèy la te vire jiskaske li twa minit anvan minwi,” e mwen panse yo te koupe sa kounye a jouk apeprè yon minit anvan minwi, lè yo te dekouvri idwojèn oswa oksijèn, bonm atomik, ak tout gwo pwisans sa yo ke yo te kapab metrize, te ka konplètman lakòz yon destriksyon total nan senk minit. Yo te ka fè l, absoliman aswè a, pa t ap gen yon sèl moun vivan sou tout kontinan Amerik di Nò a nan trant minit. E li layite drèt nan men yon pakèt enfidèl ki rayi nou. Epi, anplis de sa, nou gen kannòt ak bato ki pare, yo estasyon toupatou, sou tout de . . . a travè Sibéri, lòtbò a nan Ongri, ak diferan plas, kote bato nou yo tabli, chaje ak menm kalite misil yo.

⁴⁷ Frè m yo, li pi ta ke nou panse! Sodòm ak Gomò pa t konnen, jou lannwit sa a, ke yo t ap viv dènye èdtan yo. Lejip pa t konnen ke zanj lanmò a, ki te predi pou vini an, t ap vini jou lannwit sa a. Pearl Harbor pa t reyalize ke atak sa t ap fèt. Yo peze nou nan balans lan epi yo jwenn nou lejè! Nou pre tan lafen an!

⁴⁸ Kisa k t ap rive si . . . ? Yomenm, drèt nan Moskou, te ka dirije misil sa yo, ki gide pa zetwal yo ak rada yo, yo ta ka fè bonm sa ateri egzaktman nan Katriyèm Ri nan Louisville si yo te vle. Se vre. E nou ka kanpe yon kote la a nan lanmè a, sou bato nou yo, epi lanse youn tou dwat sou kapital Moskou a si nou vle. Kisa k t ap rive, frè m, si gwo misil k ap vire sa ta rive epi peyi sa ta

resevwa yon sekous, nan menm lè a nou t ap lage menm bagay yo epi souke l lòt bò a? E n ap viv sou yon ti, bout kwout tè mens toupiti, de tout fason, apre tranblemanntè yo fin ronje epi ronje li toupatou jiskaske li vin tankou yon ze kre. Epi si li ta resevwa yon lòt gwo eksplozyon epi kouch lav sa a, ki gen douz mil uisan swasant douz kilomèt epesè, ta pete nan lè a, li t ap fè egzaktèman sa Bondye te di ki t ap rive a.

⁴⁹ Nou nan tan lafen an, nou la a. Nanpwen mwayen pou rete l. Tout siplikasyon yo . . . Nou ta ka mete yon Eisenhower nan chak kanton, e sa p ap janm rete li. Jezikri te di tan sa yo t ap vini, nou la a. Pye figye a ap pouse boujon li.

⁵⁰ Nan fim sa, laba a nèt an Iran, nou li nan magazin *Look* la, kijan yo te pran gwo avyon yo epi yo te pati la epi yo te ranpli avyon chaje ak Jwif sa yo. Plizyè milye ladan yo, ki te anba la a depi depòtasyon Babilòn lan, ki te la depi de mil senk san lane, e yo te kite yo anba la a. Yo t ap raboure tè ak vye enstriman an bwa. Yo pa t konn anyen sou Jezi ki te janm sou tè a. Yo pa t konn anyen sou anyen ke ansyen tradisyon Jwif yo, tradisyon ke yo te viv dapre yo. E lè avyon sa yo te ateri, epi kòmanse fè Jwif sa yo anbake, pou mennen yo tounen nan patri yo . . .

⁵¹ Pwofèt la te pwofetize, de mil uisan oswa twa mil an de sa, epi l te di: “Lè yo soti nan kaptivite sa, Bondye va mennen yo soti sou zèl èg.” Pwofèt la te wè avyon an ap vini, li te wè yo ateri, epi pran yo epi mennen yo tounen nan patri yo. Li pa t konn kijan pou l te rele l, li jis . . . Li te sanble ak yon èg pou li, kifè li te di: “Yo t ap mennen yo tounen sou zèl èg.”

⁵² E lè yo te soti nan avyon dirijab la, epi jèn yo t ap ede granmoun yo, yo te entèvyouve yo. Epi yo di: “Èske nou retounen nan patri nou pou mouri?”

Yo di: “Non. Nou tounen pou wè Mesi a!”

⁵³ O, gwo bato a vapè ki soti toupatou nan lemond, nan kèk dènye ane yo, te akoste nan Jerizalèm ak Jwif aje, jèn kou granmoun, abiye ak abiman yo, yo te soti nan lès, soti nan lwès. Epi pandye anlè kapital Jerizalèm lan se vye etwal sis pwent David sa a, pi ansyen drapo nan mond lan, ki pa t flote depi de mil senksan lane, yo deklare l se yon nasyon aswè a. Pye figye a ap pouse boujon l yo.

Jerizalèm ap grandi, Seyè a ap restore,
Siy ke pwofèt yo te predi yo;
Jou Moun lòt Nasyon yo te konte, yo ankonbre
avèk orè;
“Retounen, O moun ki dispèse, bò kote pwòp
moun pa nou yo.”

Paske jou redanmsyon an toupre,
Kè lòm ap febli tèlman yo pè;
Se pou nou ranpli ak Lespri Bondye, lanp nou
yo byen taye epi klè,

Gade anlè! Redanmsyon nou ap apwoche.

⁵⁴ Li pi ta ke nou panse. Nou pa vin legliz pou okipe yon ban, nou pa vin legliz pou tande yon bon sèmon, oswa vin legliz pou tande bon mizik. Yo tout gen plas yo, men sa k t ap pi bon pou nou vin fè nan legliz se egzamine tèt nou devan Bondye konsènan sali nanm nou, paske Jou redanmsyon an toupre.

⁵⁵ Jezikri, Pitit Bondye a, te konpare sa (Li te di) ak yon fanm. Epi nan sijè nou aswè a, nou jwenn ke fanm sa a, mari l te pati, e li te pèdi youn nan pyès ki nan tablèt li a. Kounye a mwen pral eseye eksplike sa.

⁵⁶ Jodi a, si yon fanm marye, li ta dwe mete yon bag maryaj kòm yon siy ke li marye. Sa se pou anpeche lòt gason gen anyen pou wè avè l. Yo gade epi yo wè li se yon fanm marye.

⁵⁷ Nan epòk sa a, yo pa t gen bag maryaj, yo te gen yon tablèt (yo rele l “tablèt”) yo te mete sou tèt yo. Li te gen dis pyès, e li te antoure tèt yo. E sa se te yon siy yo te yon fanm marye, e okenn gason pat gen dwa betize avè yo, okenn gason pat gen dwa file yo. Yo te marye.

⁵⁸ Chak pyès sa yo. . . Si nou sèlman gen tan (men mwen pa genyen, mwen pral eseye kenbe pawòl mwen otan l posib), mwen te ka di nou kisa chak nan pyès sa yo te vle di. Yo te plase l la, e chak pyès te vle di yon sèten vèti nan fanm sa. Premye a, vle di lanmou li pou mari l. Dezyèm, angajman vèti li pou viv pwòp pou li. Epi twazyèm lan ak katriyèm lan ak senkyèm lan, jouk rive nan nevyèm lan ak dizyèm lan.

⁵⁹ Si nou vle gade l, gade nan Galat 5. N ap jwenn ke fanm sa te reprezante Legliz la, e Legliz la se yon Madanm ki marye ak Kris. Epi tablèt ke Legliz la sipoze mete a ou jwenn li nan Galat 5, ki se lanmou, lajwa, lapè, longanimite, bonte, dousè, jantiyès, pasyans. Sa se tablèt la ke yo sipoze mete nan Legliz la, lanmou fratenèl, jantiyès, kominyon fratenèl.

Epi fanm sa a, lè sa. . . Li dwe te prèske fè nwa ke li te reyalize ke li te pèdi youn nan pyès sa yo.

⁶⁰ O, si jamè te gen yon tan ke legliz la ta dwe fè envantè pou wè si w gen tout pyès yo sou ou, li ta dwe kounye a. Li vin ap fè nwa. Opresyon yo—yo ak nyaj yon sivilizasyon devastatè pandye sou tè a; toupatou gen peche ak debòch. N ap viv nan yon epòk ekstraòdinè, kote ki gen mekanste, moun ki al legliz jis pou pran pòz, moun ki al legliz pou eseye kache mekanste yo, moun ki al legliz epi ki deklare tèt yo Kretyen epi k ap viv tankou rès mond lan, ap bwè, fimen, jwe aza; fanm ki abiye imoral, k ap mete rad ke yo pa ta dwe mete nan—nan pwòp chanm pou abiye yo, deyò nan lari yo devan piblik. E lanmou fratenèl se yon bagay k ap pase, prèske. Nou pa pèdi *yon sèl* pyès, men nou pèdi pratikman *chak* grenn nan yo.

61 Epi li te kòmanse fè nwa, epi, sonje, mari l tapral retounen. E si l te jwenn li ak youn nan pyès sa yo ki soti, sa te montre ke yo te make l kòm “yon pwostitye.”

62 E si l te defye, oswa, sal tèt li nan nenpòt fason epi moun yo te wè sa, yo te mennen l devan prèt la e yo te pote temwayaj ke yo te jwenn li konsa, epi prèt la te wè ke li te yon fanm marye, li te retire pyès lan (soti sou tablèt li) ke li t ap fè sa ki mal avè l. Si li te—te gate vèti li, yo te retire sa. Si l t ap flète, ap montre ke li pat fidèl ak mari l, yo te retire sila a. Kèlkeswa sa l te ye a, yo te retire l. E lè mari l te retounen, li te jwenn ke l te make, e li t ap divòse avè l imedyatman epi pa gen anyen pou l wè ak yon fanm konsa. Li pat vle yon fanm konsa.

Kifè li te prèt pou fè nwa lè li te reyalize ke li te pèdi yon bagay, lè pou mari l vini, epi li vin ta.

63 Li ta pi bon pou legliz la egzamine tèt yo pa Pawòl Bondye a, pite nou, lwayote nou, devosyon nou. Nou vin tounen moun k ap rapòte, moun k ap fè tripotay, moun k ap fimen sigarèt, moun k ap pale mal, Jezabèl ki pentire, tout bagay nan kalandriye a ke rès mond lan fè, legliz Kreyen lan ap asosye nan bagay sa yo jodi a jouk ou apèn ka distenge youn ak lòt. Li lè pou nou fè envantè. Li vin ap fè ta.

64 Kounye a, nan lòd . . . li te tèlman ta jouk li te oblije limen yon chandèl. Epi li te pran yon chandèl. Non sèlman li te gen yon chandèl, men li te pran yon bale epi li t al pwòpte kay la.

65 O, frè! Si jamè te gen yon nesite pou youn tan pou limen yon chandèl, pou voye Limyè Levanjil la, Sentespri a tounen nan legliz la . . . Pa tèlman pou emosyon, pa pou kèk fantezi, pa pou kèk ajitasyon emosyonèl, pa pou youn sote pou lajwa, men pou yon eksperyans k ap fouye kè lè gason ak fanm vin anrèg ak Bondye. Se vre. Nou nan tan lafen an.

66 Epi li te limen yon chandèl, pou ba l limyè. Epi, frè, tout ti chandèl isi a ta dwe limen aswè a. Non sèlman sa, men li te pran bale a, e vwazen yo te ka wè pousyè a k ap vole. Li te gen youn vrè tan pou netwaye kay la, paske mari l te sou pwen pou l vini. E si l te bare l ak sèl pyès sa a ki soti, li te “yon pwostitye.”

67 Frè, noumenm Legliz Bondye vivan an, nan gran moman sa yo ke n ap viv kounye a, li nesèsè pou nou tcheke, ale devan Bondye, limen balèn Pawòl Levanjil la, epi egzamine tèt nou epi chache konnen si nou p ap echwe, e sitou lè nou wè tout bagay sa yo ap vini. Nou nan tan lafen an, Vini Kris la pwòch. Pa gen youn lòt espwa nan mond lan pou Legliz la.

68 Epi, gade, legliz la ap fè parès. Legliz la pa gen okenn konsyans ankò. Ou apèn ka reveye yo. Bib la di yo t ap vini nan kondisyon sa lè yo t ap di: “‘Gade, Seyè nou an pran reta pou Vini Li.’ Epi y ap devore epi mòde youn lòt, e latriye, epi ap goumen.” Se jis egzaktman lè sa a. Tout bagay pare. Paj yo vire, jan l te ye konsa, e li pare, Vini Seyè a.

⁶⁹ Legliz Literyen an te pèdi limyè li. Legliz Metodis la te pèdi limyè li. Legliz Batis la te pèdi limyè li. Legliz Pannkotis la te pèdi limyè li. Tout limyè sanble yo disparèt.

⁷⁰ Moun Pannkotis yo, moun Sentete yo, ap ajì jis egzakteman tankou Metodis yo. Metodis yo ap ajì tankou Batis yo. Batis yo ap ajì tankou Literyen yo. Literyen yo ap ajì tankou Katolik yo. E tout sa te retounen nan yon sèl gwo konglomerasyon peche. Se vre. Nou nan tan lafen an, Vini Seyè a.

⁷¹ Kounye a, li te gen yon tan pou netwaye kay la. Li te fwote planche yo, li te bale miray yo, li te retire twal arenyen yo, li te kontinye jouktan li te jwenn sa l te pèdi a. E, lè l te fè sa, li te rele ti legliz sè l yo pou yo vini kounye a.

⁷² M pa bezwen konnen si w se yon Metodis, Batis, Pannkotis, Presbiteryen, vini, annou rejwi ansanm. Lè tan sa rive, lè legliz la jwenn lanmou fratenèl li, lè legliz la jwenn desans sakre li, lè legliz la jwenn plas li nan Kris, li va rele lòt manm kò a: “Vini epi rejwi avèk nou.” Bondye vle legliz la renmen L.

⁷³ Mwen kwè se te dimanch maten lè m t ap pale sou vèti fanm yo, ala beni, kimoun ki ta ka jwenn yon bagay ki pi dous pase retounen lakay fatige, lè Bondye bay yon nonm yon madanm. Yon fanm ak yon nonm enseparab, yo fè youn. Nan kreyasyon an, Bondye te kreye yo toulède dabò ansanm, e yo se yon sèl kè, nanm, lespri, ak tout bagay. Lè Li te fè lòm nan pousyè tè a, Li te separe l ak madanm li. Lè Li te fè Èv, Li pa t al fè yon—yon fanm, ranmase kèk pousyè *ankò*, men Li te pran yon zo kòt sou kote Adan e Li te fè madanm li. Li te di: “Zo li se zo mwen, chè li se chè mwen.” Yo te youn nan kè, nanm, ak kò.

⁷⁴ Se yon tip Kris. Bondye pat pran Legliz Kris la nan yon kredo, nitou Li pa t pran Li nan yon denominasyon. Li te pran L nan kè Kris la, lans lan nan bò kòt Li, atravè San an.

⁷⁵ Frè m, sè m, mwen pa bezwen konnen kijan ou te ka relijye, si ou pa kouvri ak San an, ou pèdi. Nou pral antre nan sa, apre demen swa, montre kijan sa enpòtan. Men ou pèdi san San an.

Kounye a, alò lè Li te fè madanm sa, li te yon konpayon. Se te yon bagay pou li renmen, se te yon pati nan li.

⁷⁶ Kounye a koute byen. Yon nonm oswa yon fanm pa janm ka ale nan Syèl sòf si yo ne de nouvo. Mwen pa vle di paske nou te pale an lang, mwen pa vle di paske nou te rele, mwen pa vle di paske nou te danse, mwen pa vle di paske nou te al legliz epi nou te regilye, mete bouton pou fidelite nou; bagay sa yo kòrèk, men se pa Sa. Dwe gen absoliman yon relasyon ki ini noumenm ak Kris, jouk nou vin youn. Nou se youn! E si nou pa sa, kijan . . . ?

⁷⁷ Èske ou te ka imajine w ap antre nan aswè, fatige, bouke, about? Si w se yon fèmme, mekanisye, predikatè, kèlkeswa sa w ye a, antre, lè w antre nan ti kay ou, w ap tann ak enpasyans jouk ou ka rive la. Ou louvri pòt la epi yon ti madanm dous kanpe

la, li salye w. Li byen bèl epi pwòp. Li mache la epi li bo w sou machwa, li di: “Papa, ou fatige.” Li mete w chita sou yon chèz, li chita sou janm ou, li antoure w ak bra li epi li karese w ak men li. Li jis sanble tankou lè sa ke ou pa fatige, yon bagay remonte w. Se yon bagay ke Bondye te ba ou nan bi sa. Se yon pati nan ou, bon, si li se yon vrè madanm.

⁷⁸ Men e si bouch sa yo te bo yon lòt nonm jou sa oswa yon lòt lè? E si w konsyan de sa? E si bra sa yo te anbrase yon lòt nonm? Li se absoliman yon abominasyon sou janm ou. Bo sa boule tankou yon bo Jida. Bra sa yo, ou ta pito yo pa t ap antoure w. O, li ka byen bèl, cheve l ka boukle, je l ka mawon, machwa l yo ka wòz, ti jip li yo ka pase, li ka tèlman bèl, men si vrè respè otantik devwe pou Bondye sa ak lanmou ak konfyans pa la, li ta pi bon pou l rete lwen janm ou. Ou pa vle anyen pou fè avè l, li se yon—li se yon dèt pou ou. M pa bezwen konnen kijan l fè tèt li bèl, li toujou nan lerè jiskaske li pwouve ke li se yon vrè, cheri otantik, li pa renmen pèsonn ke ou, li pa gen okenn lòt bo nan bouch li ke pa w, okenn lòt bra pa dwe kenbe l ke pa w, e ou konnen sa. Ala yon santiman, ala yon konsolasyon!

⁷⁹ Sa se mari ak madanm, ki se tip Kris ak Legliz Li. E lè w al nan legliz ou, ou ka gen pi bon ban yo nan vil la, ou ka gen klòche ki pi wo ki genyen nan vil la, ou ka gen pi bon òg ak tiyo, ou ka abiye pi byen, ou ka chante tankou yon zwazo mokè, men tout sa, si w ap bo epi ap flète ak lemonn, bo sa sou machwa Kris se yon bo tankou Jida. Li pa vle anyen pou wè avè w. Li gade bag fiyansay ou epi Li jwenn tablèt la deplase, Li jwenn lanmou disparèt. Se yon fòm, Li jwenn ke lwayote disparèt. Ou te komèt fonikasyon ak mond lan. Ou al nan dans ak fèt boogie-woogie, epi gade vye pwogram televizyon sal. W ap komèt adiltè ak Kris, sou Li, antan w ap rele L Mari w.

⁸⁰ Bib la di: “Ou di: ‘Mwen rich, mwen pa bezwen anyen.’” Men Li di: “Ou pa konnen ke w toutouni, mizerab, avèg, pòv, e ou pa konnen sa.” Li lè pou nou limen yon chandèl epi bale kay la. Vini Seyè a pwòch.

Ann reflechi sou sa ankò pandan jis kèk minit pandan nou bese tèt nou. Èske nou vle? Èske w ta vle vire bò pyano a, sè?

⁸¹ Kisa w ap fè, legliz? Nan ki kondisyon ou ye aswè a? Lè men w leve anlè nan devosyon w, èske gen yon bagay ki bloke w? Si w ap flète ak lemonn, si w ap fè bagay ki mal, bo w la . . .

⁸² Panse a sa, mesye. Mesye, mwen vle mande w yon bagay. E sa valab pou Madmwazèl, tou, ak Madam. Jèn Dam, kisa w t ap panse de mennaj ou a, si ou te konnen ou te wè l ap bo epi ap soti ak lòt fi, epi ou te fyanse avè l, epi li vini epi li taponnen men w, epi li di: “Cheri, se oumenm sèl mwen renmen?”

Ou ta di: “Ou menm ti ipokrit, soti devan je m!”

⁸³ Kisa w ta . . . ? Panse a sa, Mesye. Nou pa sèlman fyanse, men nou marye. Legliz la marye ak Kris. Nou se Madanm Kris, k ap

fè pitit. Kijan ou ta renmen rive lakay ou yon jou swa, poutèt devosyon ou genyen pou madanm ou, epi li gen yon pakèt timoun piti, e ou aprann jou sa . . . ? E lè l antre, o, zong li yo ka pentire (sa se, si w se moun nan monn lan). Ou te ka . . . Li te ka parèt trè bèl, men ou konnen. Panse a sa, frè, si fanm sa t ap bo lòt gason. Si bra sa yo ki antoure w, k ap di w li renmen w, e ou konnen ke sa se yon . . . ke li te renmen lòt tou, lanmou li a pa sensè. Lanmou li a pa sensè. Li pa pou ou, li pou lòt yo tou. Si gen yon nonm nan ou, ou t ap rale l soti sou janm ou. Panse ki jan de santiman sa t ap pwodwi. Panse a sa, madam, si mari w vini lakay. Pa sèlman sa, men si l te pote maladi akòz zak imoral.

⁸⁴ Epi, o, mizerikòd, legliz la devore ak maladi veneryèn espirityèl, ak tout kalite ism ak tout lòt bagay. Se pa bon! Bondye, gen mizèrikòd! Jezi ap vini, zanmi. Nou p ap gen tan youn nan sware sa yo, oswa youn nan jou sa yo. Pito nou egzamine nou kounye a.

Ann priye:

⁸⁵ Konbyen nan nou ki di: “Frè Branham,” ak tèt nou bese, men nou leve, “sonje m nan priyè w, Frè Branham. Mwen vini aswè a, mwen pa t vin isi a jis pou yo wè m”? Bondye beni nou. Jis gade men yo. “M pa t vin isi a pou yo wè m, mwen vini pou m jwenn yon bagay. E mwen kwè ke Bondye te pale ak kè m pandan w ap preche, e mwen reyalize ke m gen tò. Mwen—mwen vle pou m yon vrè Kreyen otantik. Mwen vle pou m yon vrè lamoure, lè m al jwenn Seyè m lan epi m mete m ajenou, mwen vle L antoure m ak bra Li, pou di: ‘O, lanmoure Mwen!’”

⁸⁶ Nou sonje Salomon, kijan li te pale de sa? Li te di: “Vini, cheri mwen, annou mache nan mitan grenad yo, annou mache nan jaden epis yo.” Kijan l te di bouch manzè te sanble ak boujon woz, e latriye. Kijan li te renmen ti madanm li, li di: “Ann ale, ann soule tèt nou ak lanmou.”

⁸⁷ Lè w al bò lotèl ou pou priye, èske kè w tèlman sensè epi nanm ou tèlman pi pou w ka di: “Seyè Bondye, annou fè lanmou,” epi ou di: “Wi, Lanmoure mwen, mwen renmen W”? Oswa, èske w t ap komèt fònikasyon? Èske w t ap flète ak mond lan?

⁸⁸ Epi lè Seyè a toupre lè tout siy ak mèvèy sa yo, ak dè dizèn de milye de lòt bagay ki te rive, ap endike l, chak siy ap endike l. L ap fè nwa. Gen yon refwadisman nan legliz la. Revèy la sanble l fini. Dènye ti bout ki te rete a prèske fini. E men nou jwenn tèt nou nan adiltè. Kisa L pral fè? L ap pouse nou soti sou janm Li, epi di: “Wete kò nou sou Mwen, noumenm ouvriye inikite.”

⁸⁹ Kounye a, si gen yon moun isit la ki ta renmen yo sonje l ankò, mwen te ka mande nan minit sa, leve men nou bay Bondye, di: “Kounye a mwen soumèt mwen epi mwen di: pa gras Bondye, apati de aswè a m ap viv yon vrè vi ak èd Bondye.” Bondye beni w. Bondye beni w. E oumenm frè, oumenm sè, oumenm jenn dam,

oumenm mesye, oudenm frè, oudenm bò isi a, oudenm laba a, e oudenm jenn gason.

⁹⁰ Èske gen yon moun isi a ki pa t janm sove, epi ki di: “Frè Branham, sonje mwen, mwen pa t janm ne de nouvo. Mwen konnen mwen poko ne de nouvo”? Koute, ou pa sove jouktan ou ne de nouvo, ou te jis vire figi ou nan direksyon yon Bagay; men lè w aksepte Kris ou ne de nouvo. Ou di: “Frè Branham, mwen pa t janm aksepte Li. Mwen konnen mwen antò. Kounye a mwen leve men m, epi m di: ‘Sonje m, tou.’ Mwen poko janm sove. Mwen pa t janm—pa t janm menm eseye sèvi Kris, men mwen vle eseye li. Priye pou mwen, Frè Branham.” Èske w vle leve men w, yon moun isi a kounye a? Èske gen yon moun isi a ki pa t janm yon Kreyen, ki ta renmen leve men w, di: “Sonje m, frè, nan lapriye”? Bondye beni w, pitit gason. Yon lòt moun di: “Sonje m, frè”? Bondye beni w, madam. Yon lòt moun: “Sonje m, frè, mwen vle kwè kounye a nan Seyè Jezi epi aksepte L kòm Sovè m”? Bondye beni w, frè. Sa bon.

⁹¹ Yon moun te kritike m lòt jou a, li te di: “Frè Branham, poukisa ou di, ‘Leve men w’”? Koute, pa gen moun ki kwè nan yon apèl a lotèl plis pase m. Mwen kwè nan vini a lotèl, se yon bon bagay, men sa pa sove w. Se opinyon w, desizyon w konsènan Kris. Ou di: “Bon, si m te mache monte bò lotèl la.” Se bon. Men, frè yo, èske nou te reyalize lè nou leve men nou nou brize tout lwa syantifik ki genyen? Men w, pa nati, pa gravitasyon, ta dwe pandye anba. Si w leve men w sa montre gen yon èt Sinatirèl nan ou ki kapab defye lwa lanati yo, pou leve men w nan direksyon Kreyatè w, Yon Bagay nan kè w te pran yon desizyon. Bondye wè w ap leve men w jis menm jan Li wè w sou lotèl la. Se egzaktman sa. Si w serye, Bondye serye tou. Men gade, zanmi, ou pa ka nan mwatye wout, ou dwe serye.

Kounye a annou priye:

⁹² Papa beni ki nan Syèl lai, aswè a nan kòmansman revèy sa a, kòm tan nou an fini kounye a, epi yon tikras depase, mwen priye W pou gen mizerikòd pou moun sa yo. Epi akòde, Bondye Toupwisan, ke . . . Isi a aswè a omwen ven men te leve nan bilding lan, ke yo te bezwen Kris. O Bondye, se nanm yo. Lespri a, Lwil la, jis prèske fin boule. P ap gen plis ankò. Lè dènye gout la fin ale nan bokit la, oswa nan veso a, p ap gen Lwil ankò pou mete nan lanp yo. Yo reyalize ke yo nan dènye jou a. Pa gen yon espwa sou tè a pou nou andeyò Kris. Mwen priye aswè a, Seyè, ke yon jan kanmenm, nan solanite moman sa, solanite a, ke Ou va voye kounye a Sentespri a ki te fè yo leve men yo, epi sove yo anba yon vi peche. Akòde l, Papa.

⁹³ E ke anvan reyinyon sa va fini, ke gen literalman dè douzèn nan yo, anpil k ap rele ak Sentespri a. Ke, espas pou batèm sa, jis gen jis youn apre lòt ki batize nan Non presye Seyè Jezikri nou an, nan maten Pak sa, pou yo resisite nan yon nouvo lavi. O

Papa Beni Etènèl, mwen priye ke Ou va beni yo. Akòde l, Seyè. E kounye a, drèt nan moman sa menm, ke desizyon yo vre, ke yo aksepte W drèt kote yo chita a. Lotèl nou yo ak toutotou ranpli ak moun, e nou priye ke W ap kite pou moun sa yo sware sa a se sèvitè W. Nan Non Kris.

⁹⁴ Pandan nou gen tèt nou bese, mwen vle poze nou yon sèl kesyon solanèl. Ou menm ki te kenbe men w ak ou menm ki t ap priye, mwen konnen ou pa t leve men w jis pou w wè men w leve. Ou te leve l paske yon Bagay te di w fè sa. Epi ou di, ak yon men ki leve: “Frè Branham, mwen kwè, devan Bondye ak asanble sa a, Mwen kwè ke gen yon bagay ki rive nan kè m aswè a, ke apati de sware sa mwen pral yon moun diferan.” Èske w ta leve men w, ou menm ki te leve men w, di: “Mwen kwè”? Bondye beni w, madam. Bondye beni w, oumenm, oumenm, oumenm. Sa mèveye. Byen lwen dèyè a, wi, Seyè a beni w.

⁹⁵ Yon lòt moun leve men w, di: “Mwen kwè kounye a menm”? Bondye beni w, frè. “Seyè a di m aswè a . . .” Bondye beni w, madam dèyè a la. Bondye beni w, jèn dam isi a. “Seyè a di m kounye a menm ke yon bagay rive nan kè m, e mwen kwè ke m pral gen plis lajwa nan revèy sa pase m te janm genyen nan vi m.” Bondye beni w. Trè byen, Bondye beni w, dam ki chita isi a. Mwen te panse li te jis lè pou w leve men w, tou. Èske gen yon lòt, k ap di: “Mwen santi m diferan, Frè Branham, mwen kwè mwen pral soti nan legliz sa aswè a ak yon konsyans de Kris k ap apwoche byento. M ap soti isi a pou m viv yon vi diferan. Mwen pral yon Kreyen, pa gras Bondye. Mwen kwè ke Bondye rele m”?

⁹⁶ E si Li rele w, se pa L ou ye. Sispann flète, sispann flète ak mond lan! Vini non, viv pou Li kounye a. Di: “M ap repanti de tout peche m, e kounye a m ap pran Kris kòm Sovè m.” Èske ta gen yon lòt anvan nou fèmen? Èske genyen? Bondye beni w, frè. Bondye beni w. Sa bon. Bondye beni w. Sa bon. M tèlman kontan wè nou fè sa. Trè byen.

⁹⁷ Se kòmansman yon nuit kounye a, li yon ti kras . . . nou jis pa vle mete twòp presyon sou li, nou vle lage bonè pou nou ka retounen demen swa.

⁹⁸ Jis anvan nou fini, èske gen yon moun malad ki ta vle leve men w, pou di: “Priye pou mwen, Frè Branham”? Trè byen, sa se senk, sis, sèt, uit, nèf, dis men, onz, douz, dakò, kounye a trèz, katòz, trè byen, ken.

Annou koube kounye a:

⁹⁹ Papa beni ki nan Syèl la, Ou wè men sa yo. Epi, o, yo isi a nan yon bi. Petèt yo se Kreyen, men yo bezwen gwo èd Ou. E nou reyalize, Seyè, ke Ou te kriye nan David, Ou te di: “Pa bliye tout byen Li fè yo Li padonnen tout inikite nou, Li geri tout maladi nou yo.” Mwen priye ke San Kris la va repoze presyeyman sou yo epi y ap geri, pou jwi reyinyon sa k ap vini an. Akòde l, Seyè. Nan Non Kris nou mande l. Amèn.

Annou kanpe kounye a, *Pran Non Jezi Avèk Ou*:

... Non Jezi avèk ou,
Pitit la...

Ann vire tounen, bay lanmen ak yon moun bò kote w. Vire tounen dwat, bay lanmen.

L ap ba ou lajwa ak rekonfò,
O, mennen L tout kote w prale.

Non presye, (Non presye) (O ala dous!)
Espwa tè a ak lajwa nan Syèl;
Non presye, (Non presye) O ala dous!
Espwa tè a ak lajwa nan Syèl.

Kounye a annou an silans chante dousman, pandan n ap gade nan direksyon sa a:

Nan Non Jezi koube,
Tonbe tèt atè nan pye L,
Wa tout wa nan Syèl la nou va kouwone L,
O, lè vwayaj nou an fini.

Non presye, (Benediksyon pou Li.) O ala dous!
Espwa tè a ak lajwa nan Syèl;
Non presye, (Non presye!) O ala dous!
Espwa tè a ak lajwa nan Syèl.

¹⁰⁰ Kounye a li jis yon ti kras apre nevè, apeprè sèt oswa uit minit apre nevè. Nou ka rive lakay nou bonè, retounen demen swa epi n ap jwi benediksyon Bondye yo, jwi prezans nou. E kounye a mwen te remake apeprè douz, katòz men anlè pou gerizon aswè a. Si se pou al fè anpil moun malad antre, nou pral rele jis yon sware pou yon sèvis gerizon, petèt samdi swa ak dimanch tou. Si nou wè nou pa ka pran yo tout dimanch, n ap pran yon samdi swa. N ap wè kijan sa pase.

¹⁰¹ Kounye a mwen—mwen priye ke benediksyon Bondye yo va repoze fon sou nou chak, e ke L avè nou epi beni nou jiskaskè nou ka rankontre demen swa ankò.

¹⁰² Annou koube tèt nou kounye a jis nan yon moman priyè, pandan m ap mande pastè a pou l vini isi a epi voye n ale nan yon mo priyè. 

57-0417 Dezyèm Vini Seyè A
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indiyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org